

BASA HUMOR SAJRONE AKUN INSTAGRAM @DAGELAN_JOWO

Fidya Nur Khafidho, Prof. Dr. Udjang Pairin M. Basir, M. Pd

Universitas Negeri Surabaya
Fakultas Bahasa dan Seni
Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa)

Abstrak

Instagram minangka medhia sosial kanggo mbagekake photo lan vidio, bisa uga digunakake sajrone *interaksi sosial* kanggo ngungkapake pikiran lan pangrasa. Basa humor sajrone akun instagram @dagelan_jowo ngandharake pesan kang asipat kritik kayadene awujud sindiran marang pamarentah. Panliten iki bakal ngrembug (1) kepriye unsur pambangun humor, (2) kepriye penyimpangan prinsip kesopanan, lan (3) kepriye fungsi basa humor akun instagram @dagelan_jowo. Tujuwan saka panliten iki yaiku kanggo mangerteni kepriye unsur pambangun humor, penyimpangan prinsip kesopanan, lan fungsi basa humor akun instagram @dagelan_jowo.

Teori Humor kang digunakake ing panliten iki yaiku teori humor linguistik, yaiku teori fonologis, morfologis, lan pragmatis, yen teori pragmatik humor paedahé ana ing penyimpangan prinsip-prinsip tindak turur. Panliten iki ngandhut penyimpangan prinsip kesopanan. Teori Leech (1993:8) yaiku ngenani makna tumrap sesambungan karo kahanan-kahanan caturan, kajian wacana lan tindak turur liwat basa lan konteks. Panliten iki nggunakake metodhe panliten etnografi, yaiku salah sawijine metodhe kanggo nliti basa amarga dhata kasebut asipat *valid* lan *reliable*.

Adhedhasar andharan asile panliten ngenani basa humor akun instagram @dagelan_jowo bisa kadudut: (1) unsur pambangun humor kaperang dadi telu yaiku *aspek fonologis*, *aspek morfologis*, lan *aspek semantis*. (2) penyimpangan prinsip kesopanan kang dicakake minangka sarana penciptaan humor yaiku penyimpangan maksim *kebijaksanaan*, penyimpangan maksim *kemurahan*, penyimpangan maksim *penerimaan*, penyimpangan maksim *kerendahan hati*, penyimpangan maksim *kecocokan*, lan penyimpangan maksim *kesimpatan*. (3) fungsi basa humor kaperang dadi fungsi *komunikatif*, fungsi *hiburan*, fungsi *kritik sosial*, fungsi *kreatif*, fungsi *eufimisme*, lan fungsi *estetis*.

PURWAKA

Landhesane Panliten

Basa yaiku piranti komunikasi sosial kanggo kabutuhan manungsa (Basir,2010:1). Basa minangka salah sijine unsur budaya lan simbol tumrap manungsa. Ora ana kagiyatan manungsa sing ora migunakake basa (Chaer, 2007:53). Lumantar basa, manungsa bisa medharake idhe-idhe, kawruh, lan ngandharake apa kang ana ing pikirane. Adhedhasar sarana kang digunakake, basa kaperang dadi lisan lan tulis. Saklorone duwe titikan khusus kang bedha-bedha. Chaer (2007:47) ngandharake menawa basa lisan diandharake kanthi cara lisan lan disengkuyung dening unsur-unsur suprasegmental kaya ta *ekspresi wajah* lan *gesture*, dene basa tulis ora ngandhut unsur suprasegmental.

Prodhuksi basa dening panuture kerep ngalami fenomena-fenomena kang narik kawigaten kanggo dijingglensi, salah sijine yaiku ngenani basa humor. Medhia basa tulis akeh jinise tuladhane kanthi medhia majalah, koran, spanduk, baliho, banner, lan internet. Gegayutan karo perkembangan teknologi sing saya suwe saya canggih, srana humor saya amba. Salah sijine srana humor kang narik kawigaten kanggo ditliti yaiku humor sajrone medhia sosial instagram. Mula subjek kang bakal dirembag ing panliten iki yaiku humor akun instagram @dagelan_jowo.

Akun instagram @dagelan_jowo aktif wiwit taun 2014, unggahan kaping pisan yaiku 19 Oktober 2014, kurang luwih akun kasebut aktif ana sosial medhia instagram ana telung taunan. *Followers/pengikut* akun @dagelan_jowo jumlahé akeh banget, yaiku ana telungatus ewu luwih

followers. Saben dina sing nduwe akun @dagelan_jowo upload gambar lucu guyongan nganggo basa Jawa, nanging uga ana sebageyan sing nganggo basa campuran yaiku basa Jawa lan basa Indhonesia.

Akun @dagelan_jowo uga nyuguhake tuladha sing ngandhut penyimpangan prinsip kesopanan yaiku cara-cara paraga tindak tutur interaksi tumrap upaya ora ngregani lan ngurmati mitra tuture. Penyimpangan prinsip kesopanan ana nem maksim yaiku penyimpangan maksim kawicaksanan, penyimpangan maksim *kemurahan*, penyimpangan maksim *penerimaan*, penyimpangan maksim *kerendahan hati*, penyimpangan maksim *kecocokan* lan penyimpangan maksim *kesimpatian*.

Panganggo basa tumrap akun instagram @dagelan_jowo asipat *unik* amarga ngandhut aspek penciptaan humor yaiku saka unsur fonologi-ne kang luwih cundhuk marang tembung plesetan yaiku mempere wujud tembung kang asli karo tembung sing diplesetake lan nduweni makna kang beda. Unsur pambangun humor yaiku unsur *pembentuk* kang ana sajrone wacana kang nuwuhake rasa pepenginan kanggo ngguyu tumrap pamaca (Wijana, 2004:37). Pambangun humor ngamot aspek-aspek basa kang perlu dijilentrehake. Panjlentrehan unsur humor bakal nambah cara ngecakake bab ngenani tindak tutur utawa pragmatik kayata prinsip kesopanan, lan fenomena pragmatik sing liya. Tumrap tintingan pragmatik, unsur humor iki nliti mligine awujud ragam *nonformal*.

Analisis sajrone panliten diwatesi saka deskripsi ngenani paedahe aspek basa pencipta humor uga fungsi humor sajrone akun instagram @dagelan_jowo gegayutan marang maksud panutur. Ora kabeh unggahan saka akun @dagelan_jowo dijupuk minangka dhata. Dhata kang dijupuk yaiku dhata kang dianggep ngewakili, *representatif* lan ngandhut humor teks lucu *bergambar* utawa namung humor arupa teks lucu tanpa gambar. Vidio humor, informasi umum, lan iklan produk kang ana sajrone akun instagram @dagelan_jowo ora dadi dhata amarga dianggep ora ngewakili marang aspek kang bakal ditiliti. Saliyane kuwi, komentar para pamaca ing kolom komentar uga ora didadekake minangka objek panliten.

Presentase muncule humor kanthi wujud tembung/teks lucu bergambar lan humor tembung/teks lucu tanpa gambar sarta itungan nganggo rumus ana ing ngisor iki:

$$\text{Jumlah presentase} = \frac{\text{jumlah h}}{\text{jumlah}} \times 100\%$$




Diagram 1. Presentase jinis humor sajrone akun instagram @dagelan_jowo

Adhedhasar itungan ing ndhuwur, jumlah humor kang luwih akeh muncul yaiku humor kanthi wujud tembung/teks lucu tanpa gambar, yaiku 62%. Banjur humor kanthi wujud tembung/teks lucu bergambar yaiku 38%. Adhedhasar persentase ing ndhuwur, bisa dijupuk dudutan yen humor wujud tembung/teks lucu luwih onjo tinimbang humor tembung/teks lucu *bergambar*. Bab iki nuduhake yen kekuatan humor ora namung muncul amarga ana dukungan gambar. Kreatifitas sajrone nyusun tembung-tembung uga bisa dadi faktor kelucuan saka humor.

Salah sijine tuladha basa humor akun instagram @dagelan_jowo kang migunakake aspek basa pencipta humor yaiku *metonimi* minangka unsur pambangun humor.



Tuladha kasebut ngecakake bab metonimi. Metonimi ana ing frase 'kapan rabi'. Frase ing konteks asli yaiku kapal api. Kapal api yaiku merk kopi, supaya tuwuhan unsur humor sengaja diplesetake dadi 'kapan rabi' selaras karo

fenomena bocah nom saiki. Konteks wacana ing ndhuwur desain-e kaya bungkus asline tetep nggunakake simbol kapal lan kopi nanging nduweni slogan ‘kapan rabi, ngopi terus sampek tuwek’. Wujud penyimpangan saka slogan asline yaiku ‘*kapal api jelas lebih enak*’. Wacana kasebut narik kawigatene pamaca amarga nganggo kreatifitas kang nuwuhake unsur humor.

Topik panliten basa humor sajrone akun instagram @dagelan_jowo iki narik kawigaten amarga: (1) basa humor sajrone akun instagram @dagelan_jowo minangka salah sijine humor sing migunakake aspek basa kanggo nuwuhake efek lucu, (2) basa humor sajrone akun instagram @dagelan_jowo ora mboseni amarga tema (topik) humor selaras marang topik kang lagi rame ing masyarakat, (3) basa humor sajrone akun instagram @dagelan_jowo minangka basa kang manut pangrembakane jaman, mula panliten iki bisa dadi tenger yen basa humor kang ditliti ing panliten iki tau urip lan ngrembaka ing jamane, (4) saben dina sing nduwe akun @dagelan_jowo upload gambar mula gampang olehe panliti ngolehake dhata, (5) basa humor sajrone akun instagram @dagelan_jowo iki diwedharake kanthi media kang asipat ekspresif, kreatif uga nyenengake para pamaca saengga bisa narik kawigaten tumrap pamaca, (6) basa sing digawe yaiku nganggo basa jawa sing gampang dingertenipun pamaca, yaiku basa padinan. Bab-bab kasebut sing nggawe panliten iki nduweni potensi lan narik kawigaten kanggo ditliti, mula panliten iki diwenehi judhul “**Basa Humor sajrone Akun Instagram @Dagelan_Jowo**”

Underane Panliten

Supaya panliten iki kalaksanan miturut kang dikarepake lan sambung marang basane mula perlu njlentrehake bab undherane panliten kang bakal ditintingi kaya ing ngisor iki:

- (1) Kepriye unsur pambangan humor sajrone akun instagram @dagelan_jowo?
- (2) Kepriye penyimpangan prinsip kesopanan sajrone akun instagram @dagelan_jowo?
- (3) Kepriye fungsi basa humor sajrone akun instagram @dagelan_jowo?

Ancase Panliten

Saka underaning panliten ing ndhuwur, tujuwan panliten iki yaiku:

- (1) Supaya mangerteni unsur pambangan humor sajrone akun instagram @dagelan_jowo
- (2) Supaya mangerteni penyimpangan prinsip kesopanan sajrone akun instagram @dagelan_jowo
- (3) Supaya mangerteni fungsi basa humor sajrone akun instagram @dagelan_jowo

Paedahe Panliten

Asiling panliten iki arupa andharan bab basa humor sajrone akun instagram @dagelan_jowo minangka panyengkuyung ilmu Linguistik. Saliyane kuwi, panliten iki uga nduweni paedah kang ora sathithik. Wondene paedah saka panliten iki yaiku:

- (1) Bisa didadekake sumber-sumber kanggo pasinaonan tumrap basa ing babagan kajian humor.
- (2) Bisa didadekake salah sijine referensi kanggo para panliti liyane tumrap basa jawa, mligine kang ana gayutane marang kajian humor.
- (3) Bisa dadi wacanan kang narik kawigaten amarga gegayutan marang humor sing lucu lan manut marang pangrembakane jaman.

Panjlentrehane Tembung

Sajrone panliten ilmiah, definisi operasional nduweni teges kang wigati banget amarga isine minangka katrangan ngenani tetembungan kang digawe sajroning panliten lan ora arang arupa tembung kang ora dingertenipun pamaca. Adhedhasar saka kahanan iki mau mula bakal djlentrehake panjlentrehane tembung antarane yaiku:

- (1) Basa nduweni peranan kang wigati tumrape manungsa, utamane minangka *alat komunikasi* lan interaksine manungsa.
- (2) Akun instagram @dagelan_jowo nduweni tujuwan ngandharake kritikan utawa pawarta, uga minangka medhia kreatifitas kanggo narik kawigatene pamaca/*followers*, lan njalari wong ngguyu saka postingan-postingan lucu kang diunggah ing akun kasebut.
- (3) Unsur pambangan humor yaiku unsur *pembentuk* arupa wacana kang nuwuhake

rasa pepenginan kanggo ngguyu tumrap pamaca.

Wewatesane Panliten

Wewatesan panliten ing kene nduweni piguna supaya objek panliten ing kene bisa *fokus* lan panjlentrehe pas kaya apa kang dadi underaning panliten iki. Wewatesane panliten iki winates ngandharake aspek basane, wacana ngenani tindak tutur humor akun @dagelan_jowo, lan fungsine.

TINTINGAN KAPUSTAKAN Panliten Kang Saemper

Kaya kang wis dingerten i kabeh, yen panliten ngenani basa humor iki dudu sing kapisan dianakake. Kaya dene panlitene Purwanti (2006), kanthi irah-irahan *Analisis Wacana Plesetan pada Kaos Dagadu Djogja* kang ngrembag (1) fenomena pragmatik, (2) teknik penciptaan, lan (3) wujud tindak tutur basa plesetan sajrone kaos Dagadu Djogja. Sajrone panliten kasebut bisa dijupuk dudutan yaiku nuduhake anane fenomena pragmatik sajrone kaos Dagadu arupa *interferensi, praanggapan, lan implikatur*.

Dian (2013), kanthi irah-irahan *Permainan Bahasa dalam Wacana Plesetan Stiker Humor di Wilayah Bantul dan Yogyakarta* kang nliti ngenani panganggone permainan basa sajrone wacana stiker humor ing wilayah Bantul lan Yogyakarta. Panliten iki ngrembag ngenani (1) wujud *permainan* basa, (2) fungsi *permainan* basa, (3) makna basa kang kinandhut sajrone plesetan stiker humor kasebut. Sajrone panliten kasebut bisa dijupuk dudutan yaiku nuduhake anane fungsi lan makna basa tumrap permainan basa sajrone wacana stiker humor.

Badriyah (2015) kanthi irah-irahan *Wacana Humor Politik Dalam Akun Twitter @CapresJokes pada Pilpres 2014*. Skripsi iki ngrembag gambaran kahanan pilpres nanging dbungkus kanthi cara humor, kaya dene (1)struktur basa, (2)proses penciptaan humor sajrone wacana humor politik kasebut. Sajrone panliten kasebut bisa dijupuk dudutan yaiku nuduhake anane struktur basa lan proses penciptaan humor sajrone wacana humor politik.

Luvytasari (2015), kanthi irah-irahan *Meme Instagram Dagelan: Kajian Sosiolinguistik*. Luvytasari ngandharake ngenani topik lan struktur Meme Instagram Dagelan (MID), alat ekspresi kang ana sajrone MID, yaiku arupa basa verbal kaya ta campur kode, satuan lingual lan visualisasi, warna, tipografi, ukuran aksara, lan posisi teks. Sajrone panliten Luvytasari aspek humor ora dadi kajian utamane. Luvytasari luwih fokus ngrembag ngenani wujud lan struktur meme sajrone akun Dagelan. Panlitene Luvytasari mingunakake teori sosiolinguistik, yaiku nggayutake objek panliten marang aspek sosial kang minangka salah siji pambentuk meme akun Dagelan.

Munazharoh (2011), kanthi irah-irahan *Humor Politik: Kajian Wacana Pragmatik Pada Tayangan Sentilan Sentilun* nganalisis struktur wacana humor, pemanfaatan prinsip-prinsip tutur kayata penyimpangan prinsip-prinsip kerjasama, penyimpangan maksim kesopanan, lan penyimpangan parameter pragmatik. Pemanfaatan aspek kebahasaan ing antarane aspek fonologi, ketaksaan leksikal, ketaksaan gramatikal, sinonimi, simile, metafora, tembung ulang lan *pertalian* wujud.

Adhedhasar panliten saemper kang ana ing ndhuwur, panliten ngenani basa humor akun instagram @dagelan_jowo nduweni titikan kang beda saka panliten-panliten ngenani humor sadurunge. Kaping pisan, basa humor akun instagram @dagelan_jowo nduweni *pembaharuan* dhata kang cukup *variatif* saka aspek kabasan kang nduweni paedah minangka srana pencipta humor. Kaping pindho, humor sajrone akun @dagelan_jowo ora mboseni amarga ngangkat topik ngenani fenomena sosial kang lagi rame ing masyarakat. Kaping telu, struktur basa humor akun instagram @dagelan_jowo ora namung nggabungake gambar utawa foto lan tembung-tembung/teks lucu wae, nanging uga *penggunaan* warna, jinis lan ukuran aksara saya nambah sisi *unik* sanjabane unsur lucune saka panliten kasebut, mula panliten iki bisa dadi panjangkep kanggo panliten-panliten sadurunge.

Basa

Basa yaiku asil saka kagiyatan manungsa, saka basa bakal kajlentrehake apa kang dikarepake arupa informasi lisan utawa tulisan. Chaer (2007:32) ngandharake basa yaiku sistem lambang swara kang arbitrer lan digunakake dening anggota klompok sosial kanggo kerjasama, komunikasi lan mbeberake dhiri. Rahardi (2001:27) ngandharake basa minangka piranti kanggo rawung marang liyan, mula bisa wae basa mau owah saka paugerane. Anane owah-owahan kayadene kang wis diandharake sadurunge, nuduhake yen basa mau uga sawijining pambeda jaman. Amarga ditemoni maneka warna ragam basa. Semana uga tata aturan kang ana ing sajone basa Jawa. Mula basa Jawa ngrembaka sajroning jiwa masyarakat Jawa panganggo basa. Senajan basa Jawa wis kaperang dadi Jawa kuna, Jawa pertengahan, lan Jawa gagrag anyar, nanging basa Jawa isih ngrembaka lan isih diuri-uri dening masyarakat Jawa.

Kartomihardjo (1987:7) ngandharake yen ing saben jangkah lan ambegane manungsa kuwi mesthi nggunakake basa kang maneka warna wujude kanggo nyukupi kabutuhane. Basa-basa kang digunakake ing saben dhaerah nduweni titikan utawa sipat kang beda-beda. Salah siji titikane yaiku basa kuwi ngalami owah-owahan, basa ngrembaka melu pangrembakane masyarakat.

Indonesia nduweni masyarakat asli Indonesia, dhaerah, lan asing. Masyarakat Indonesia kerep nyampur unsur basa Indonesia marang basa dhaerah, fenomena iki asring kadadeyan saka segi struktur basa, tuladhane ing wacana "aku melihat Ira tibo di selokan dengan sepedanya" tembung **tiba** kang dimaksud *terjatuh* nggunakake basa Jawa nanging ngalami fenomena *interferensi* basa yaiku campuran basa Indonesia lan dhaerah dadi siji. Miturut andharan ing ndhuwur bisa didudut yen humor kerep kadadeyan ing masyarakat basa kanthi cara nyampur rong basa utawa luwih dadi konteks wacana.

Ahdedhasar panjlentrehan ngenani basa kasebut bisa dijupuk dudutan yen basa yaiku minangka piranti kanggo komunikasi utawa sesambungan antarane manungsa siji lan sijine, kanggo medharake idhe-idhe, kawruh, lan apa

wae sing diraakake marang wong liya arupa lisan utawa tulisan. Amarga basa kang digunakake ing saben dhaerah nduweni titikan utawa sipat-sipat kang beda-beda, mula basa ngalami owah-owahan lan basa ngrembaka melu pangrembakane masyarakat.

Fungsi Basa

Ora ana manungsa tanpa basa, sajrone cecaturan marang manungsa, marang klompok mesti migunakake basa kanggo nyampekake pesen lan ngolehake informasi. Manungsa lan basa nduweni fungsi lan nduweni gegayutan. Fungsi basa umume minangka alat komunikasi utawa alat nggayutake antarane anggota masyarakat becik lisan utawa tulis. Fungsi basa miturut Keraf (2004:3-4) :

- (1) Basa minangka alat *ekspresi* dhiri, tegese basa ngandharake kanthi cara *terbuka* kanggo kabeh bab kang *tersirat* sajrone atine manungsa. *Mengekspresikan* dhiri nduweni tujuwan kanggo narik kawigaten marang wong liya lan mbebasake dhiri tanpa ana tekanan, mula saka kuwi bakal tuwu komunikasi.
- (2) Basa minangka alat komunikasi, tegese basa yaiku rumusan maksute manungsa, ngewakili prasaaan manungsa, lan nglakokake kerja bareng marang wong liya. Kanthi cara komunikasi, anggota masyarakat bisa meruhi kahanan lingkungan sakiwang tengene.
- (3) Basa minangka alat *integrasi* lan *adaptasi* sosial tegese nganggo basa anggota masyarakat bisa ngenali adat istiadat lan solah bawa masyarakat saengga dadi *pembauran* anggota masyarakat saengga bisa nyawiji antarane siji lan sijine lumantar basa.
- (4) Basa minangka alat kanggo anane *kontrol sosial* tegese yen ta *adaptasi* sosial nyelarasake solah bawa utawa tumindhak anggota masyarakat lumantar basa nanging *kontrol sosial* alat kanggo mengantri tumindhake wong liya.

Teks, Konteks, lan Ko-teks

Wacana minangka satuan gramatikal sing paling dhuwur utawa paling gedhe tinimbang ukara lan klausa. Sajrone sawijine wacana ana

telung istilah, yaiku teks, konteks, lan ko-teks. Bakal diandharake ana ing ngisor ngenani teks, konteks, lan ko-teks.

Teks

Teks minangka wujud basa, tegese wujud wacana kang dumadi saka tembung lan ukara uga nduweni saperangan makna kang nyawiji. Mulyana (2005:20) Teks minangka proses pamilihan makna nalika kita nrima utawa menehi informasi awujud teks (lisan utawa tulis) mula ora oleh nganti kedadeyan salah tampa. Titikane teks yaiku:

Kriteria kang sipate internal:

- (1) *Kohesi* yaiku kesatuwan makna.
- (2) *Koherensi* yaiku kepaduan ukara.

Kriteria kang sipate eksternal:

- (1) *Intertekstualitas* yaiku saben teks nduweni gegayutan kanthi cara sinkronis utawa diakronis.
- (2) *Intensionalitas* yaiku cara-cara kanggo nyampeka pesen pembicara lumantar sikap, intonasi, lan ekspresi rai.
- (3) *Informativitas* yaiku kuantitas lan kualitas informasi.
- (4) *Situasionalitas* yaiku situwasi/kahanan tuturan.

Tuladha teks:

"Pemberian penghargaan kepada pemain terbaik dalam satu pertandingan telah dilakukan termasuk oleh managemen Gelora Dewata. Namun, kelanjutannya tidak terdengar lagi. Yang menjadi persoalan di sini adalah konsistensi pemberian penghargaan mendorong kemajuan prestasi menjadi terhenti. Persoalan ini disebabkan oleh kekurangan dana. Pemecahannya adalah dengan mencari sponsor yang bersedia memberikan penghargaan."

Konteks

Konteks yaiku bab kang menyertai utawa bareng marang teks. Konteks wacana diperang dadi rong kategori, yaiku konteks linguistik lan konteks ekstralinguistik. (Mulyana, 2005:21) Konteks yaiku situwasi utawa latar panggone sawijine cecaturan/dialog. Konteks linguistik yaiku konteks sing arupa unsur-unsur basa dene

konteks ekstralinguistik yaiku konteks kang dudu arupa unsur-unsur basa. Miturut Kridalaksana konteks minangka titikan ing njabane basa; situwasi tuturan kang nuwuhake makna saka *ujaran*; lingkungan nonlinguistik saka wacana. Unsur-unsur nonlinguistik kasebut yaiku:

- (1) Latar : panggon lan wektu kadadeyan cecaturan.
- (2) Peserta : peserta cecaturan yaiku mitra turut lan panutur.
- (3) Asil : asil lan tujuwan cecaturan.
- (4) Amanat : wujud lan isi amanat.
- (5) Cara : cara cecaturan dilakokake kanthi cara semangat, santai, utawa gupuh.
- (6) Srana : panganggone basa lisan utawa tulis.
- (7) Norma : solah bawa *peserta* cecaturan.
- (8) Jinis : kalebu kategori kaya ta sajak, teka-teki, kuliyyah, lan doa.

Tuladha konteks:

"Mobilpun bergerak meninggalkan hotel yang berada di pusat kota Amman, ibu kota Yordania. Di sepanjang perjalanan kamii dipandu oleh pemandu berasal dari Yordan. Pria yang dikatakan sudah tidak muda lagi, namun cukup energik, karena ia tak henti - hentinya menjelaskan tempat tempat yang kami lewati. Dalam perjalanan kami merasa terkesan karena penjelasan dari pemandu kami yang cukup jelas dan disampaikan secara menarik. Peserta tour banyak yang merasa puas dengan perjalanan yang dilewati"

Ko-teks

Koteks yaiku teks kang nduweni gegayutan marang teks liyane. (Mulyana, 2005:22) Koteks bisa uga arupa unsur teks sajrone sawijine teks. Wujud koteks macem-macem, bisa arupa ukara, paragraf, lan wacana. Koteks yaiku kabeh unsur kabasan utawa linguistik kang nduweni peran sajrone nemtokake makna sawijine wacana. Peranan koteks sajrone sawijine wacana yaiku nyetha-ake makna.

Tuladha koteks:

"Hari kedua kami melihat makanan burung. Setiap burung mempunyai makananya sendiri - sendiri. Terlihat bahwa makanan yang diberikan oleh petugas itu sangat sesuai dengan makanan burung secara alami. Tampaknya para petugas sudah berpengalaman dalam hal itu."

Ukara kang kacetak kandhel kasebut yaiku koteks kang awujud ukara *memaknai* ukara sadurunge. Mula konsep teks lan koteks nduweni proses kang padha, tegese nalika ana sawijine teks, banjur teks kasebut *menyertai* teks liyane mula ndadekake koteks. Menawa koteks minangka lingkungan kabasaan kanggo nemtokake makna, mula konteks lingkungan ing jabane basa kaya ta situwasi lan panggon teks kasebut kabentuk. Semono uga ing wacana humor, kudu ngandut koteks lan konteks kang cetha supaya maknane bisa dingertené apa maksud saka humor kasebut.

Humor

Humor minangka sakabehing bab kang nuuhake kesan aneh lan lucu saengga wong liya kanthi spontan bakal ngguyu nalika ndelok, maca, lan ngrungokake. Bab-bab sing nuuhake lucu kuwi disengaja nyimpang saka wujud asline kanggo ngupaya nuuhake kesan lucu kaya objek kang dikaji. Kritik sosial kerep ditemoni ing medhia cetak kaya koran, majalah, lan tabloid. Humor nduweni panampa kang beda saben masyarakat, senajan humor ana ing saubenging masyarakat. Ana masyarakat ing saben wektune pengin nglucu, ana masyarakat kang nglakoni nglucu ing kahanan tartamtu lan arang, ana masyarakat kang ora nduweni selera humor. Humor utawa gegojegan yaiku tumindhak kang mesthine ana sing dadi korbane (dihina, direndahake, dilokake). Wijana (2004:37) Humor yaiku sakabehing wujud rangsangan spontan kang nuuhake esem lan guyu dening wong sing ngrungokake utawa sing maca. Rangsangan kasebut kaperang dadi loro yaiku kaping pisan arupa idhe/masalah sing lucu lan kaping pindho wujud kebahasaan sing sengaja dikreasikake dening panutre saengga nuuhake kalucuan.

Fungsi Humor

Panganggo teks tumrap akun @dagelan_jowo ing instagram nduweni saperangan fungsi humor, ing kene yaiku (1) basa humor akun instagram @dagelan_jowo minangka salah sijine srana hiburan sing migunakake aspek basa kanggo nuuhake efek lucu; (2) basa humor akun instagram @dagelan_jowo ora mboseni amarga tema (topik) humor selaras marang topik sing lagi

rame ing masyarakat; (3) basa humor akun instagram @dagelan_jowo iki diwedharake kanthi media kang asipat *ekspresif* lan *kreatif* uga nyenengake para pamaca saengga bisa narik kawigaten tumrap pamaca lan njalari kahanan luwih santai.

Fungsi humor kang diandharake kanthi cara lisan minangka srana ngandharake pesen minangka protés sosial utawa kritik sosial ngenani kacingkrangan sing dumadi ing sakiwa tengene bebrayan. Fungsi humor minangka protés sosial kerep diweruhi lan ngrembaka ing kalangane mahasiswa, pejabat pamarentah, ahli politik, masyarakat amba, lsp. Adhedhasar andharan ing ndhuwur humor saliyane nduweni fungsi minangka hiburan, uga nduweni fungsi minangka srana kritik sosial kanggo nyadharake manungsa amarga saben manungsa ora mesthi bener lan pener, njalari manungsa supaya luwih toleransi marang samubarang kang ana ing sakiwatengene. Fungsi liyane yaiku minangka medhia tumrap rasa arotik kang dhasare diduwéni marang saben manungsa (Ensiklopedia Nasional Indonesia jilid VI, 1989:498). Bab-bab kang sesambungan karo seks utawa protés sosial minangka srana kanggo nghibur dhiri saengga anane ketegangan bathin utawa rasa judeg kang sesambungan karo kacingkrangan norma masyarakat bisa luwih ilang kanthi cara ngguyu (Wijana, 1983:468).

Jinis Humor

Setiawan (1988:56) Minangka wujud *ekspresi*, humor diperang dadi telung jinis yaiku (1) humor personal, yaiku cenderung ngguyu marang sawijine wong liya; (2) humor pergaulan, yaiku gegojekan marang kancane; (3) humor sajrone kesenian, humor kasebut diperang dadi telu, yaiku (a) humor lakon, tuladhane lawak, tari humor, pantomim lucu. (b) humor grafis, tuladhane kartun, karikatur, foto jenaka, lan patung lucu. (c) humor literatur, tuladhane cerkak lucu, sajak jenaka, lsp.

Miturut Yunus (1997:18) Jinis humor adhedhasar wujud sarta tuladhane yaiku:

- (1) Humor sak-gatra yaiku namung sak-gatra utawa sak-ukara wae.

- (2) Humor rong gatra yaiku kaperang dadi rong gatra utawa rong ukara wae, tuladhane:

"lima ribu rupiah bukan lagi merupakan hadiah. Ini merupakan penghinaan."

- (3) Humor dialog (cecaturan) yaiku kaperang loro utawa telung gatra wae, tuladhane:

A: *"Apa yang harus dipersiapkan bila ada orang yang tenggelam?"*

B: *"Penguburan".*

- (4) Humor sajrone wujud crita yaiku kombinasi antarane dialog/cecaturan nganggo narasi (kang asipat deskriptif). Ing jaman semono humor crita umume diripta utawa disampekake dening para pelawak profesional, nanging ing wayah saiki guyunan kaya mangkono akeh-akehe diripta utawa disampekake dening pelawak amatir.

- (5) Humor ukara topik yaiku guyunan kang kaperang siji utawa rong ukara kang nduweni gegayutan marang kahanan kang durung suwe kedadeyan. Senajan guyunan iki kurang kuwat daya lucune, wong bisa ngguyu amarga digayutake marang prastawa kang kedadeyan ing sakiwattengene.Tuladhane:

"bukankah Indonesia merupakan negeri yang hebat? Tiap kuali terdapat dua ekor ikan, tiap rumah terdapat dua buah honda, dan tiap departemen terdapat dua jendral."

- (6) Humor puisi (guritan) yaiku humor awujud geguritan, kaya ta syair, pantun/parikan, paribasan, lsp. Tuladhane:

Papa cinta mama

Mama cinta lelaki

Papa pulang lama

Mama pulang pagi

- (7) Humor sajrone sajak limang gatra yaiku humor kang meh mirip marang humor guritan nanging yen guritan kaperang saka patang gatra, dene sajak limang gatra ana lima gatrane. Tuladhane:

Tiada guna keluh kesah

Tiada guna jerih payah

Meski engkau seorang sarjana

kau tak akan pernah maju

Kecuali ada pejabat di belakangmu

- (8) Humor parodi yaku humor kang kaperang dadi rong gatra lan mesthi bersajak, umume

isine ngenani sindiran utawa alok-alok marang sawijine pawongan. Tuladhane:

*Pasangan itu hidup mewah
Meski mereka tak pernah menikah*

- (9) Humor keseleo lidah (ilat) utawa salah omong yaiku humor kang nyilimpur pangocapane saengga nuwuhake kalucuan utawa bisa kasebut plesetan. Tuladhane:

*Vivere vericoloso
dadi*

wong kere turu ning kloso.

Vivere vericoloso yaiku istilah ing jaman Soekarno.

- (10) Humor definisi yaiku objek kang didefinisiake kanthi cara humoris kang bisa mancing pamirsa kareben ngguyu. Tuladhane:

Peluk = pengaliran tenaga ke pinggang seseorang.

- (11) Humor dolanan tembung yaiku nduweni tembung-tembung kang padha pangocapane nanging beda makna lan ejaane (homofon). Tuladha: tembung *bank* kang nduweni teges *lembaga keuangan* lan tembung *bang* (wujud singkat saka abang/mas) kang Nduweni teges dulur tuwa lanang. Menawa kaloro tembung kasebut diucapake kanthi cara ndeleng konteks mula ukara kasebut ora ngandut humor amarga selaras karo sing sakmesthine, nanging yen kaloro tembung kasebut digunakake ora ing konteks mula nuwuhake humor.

- (12) Humor *interupsi* yaiku dikanggo rong pawongan, wong kang kaping pisan fungsine minangka wong kang miwiti pitakonan utawa pawarta, wong kaping pindho utawa pelawake nanggepi pitakonan utawa pawarta kasebut.

- (13) Humor tolak balak yaiku humor kang nduweni tujuwan mandhegake tumindhak sawijine wong kang alok-alok wong liya.

- (14) Humor surat/layang yaiku humor sajrone wujud surat, yaiku anane jeneng panulis lan alamat utawa tujuwan surat.

- (15) Humor kuliah yaiku humor kang kadadean ana ing *perkuliahinan*.

Miturut Yunus (1997:32) Jinis humor adhedhasar topik sarta tuladhane yaiku:

- (1) Humor kritik yaiku isine kritikan marang sawijine pawongan, sawijine objek, utawa kahanan tartamtu.
- (2) Humor hiburan yaiku sipate ngehibur wae lan kagolong sajrone kategori iki ora angel dingerten. Tuladha:

*benda apa yang lahir di udara
tetapi menetas di telapak tangan?
(wangsulan: buah manggis)*

- (3) Humor seks yaiku samubbarang kang *tabu* saengga ngomongake bab kasebut berarti "mbukak" sawijine bab kang kudune ditutupi. Mula saka kuwi, bakal kedadeyan sawijine "sing ora dikarepake", kang nuwuhake kalucuan. Tuladha:

A:"Bu Ningsih, saya lihat Ibu sering pergi ke klinik KB. Bukankah suami Ibu mandul?"

B:"Betul, suamiku memang mandul, tetapi apakah semua laki-laki mandul?"

Jinis humor adhedhasar umur sarta tuladhane yaiku:

- (1) Humor anak-anak yaiku asipat entheng lan trasparan. Tuladhane:

A : "Apakah yang terdapat di tengah-tengah Amerika dan

Australia?"

B : "Huruf r"

Adhedhasar andharan ing ndhuwur humor kaperang dadi humor adhedhasar wujud, humor adhedhasar topik, lan humor adhedhasar klompok umur.

Aspek Fonologis Penciptaan Humor

Theori Humor sing digunakake ing panliten iki yaiku teori humor linguistik. Ana saperangan teori linguistik sing digunakake kanggo ngonceki basa humor akun instagram @dagelan_jowo, yaiku teori fonologis, morfologis, lan pragmatis, yen teori pragmatik humor paedahe ana ing penyimpangan prinsip-prinsip tindak tutur. Verhaar (2010:67) fonologi kasebut minangka ilmu bunyi kang *fungsional*. Bunyi fungsional yaiku bunyi-bunyi sing nggawe beda makna utawa sing aring kasebut fonem. Fonem titikane yaiku aksara ing antarane rong garis miring. Sajrone basa humor akun instagram @dagelan_jowo aspek fonologis digunakake kanggo nganalisis aspek bunyi minangka srana

pangripta humor. Aspek fonologis sajrone humor bisa ditintangi kanthi *teknik substitusi bunyi, permutasi bunyi, penyisipan bunyi, penambahan bunyi, lan kemiripan bunyi*.

Panggantine Swara

Panggantine swara utawa *Subtitusi bunyi* yaiku proses owahe unsur tumrap basa dening unsur basa liyane ing satuan kang luwih gedhe kanggo njlentrehake perangan unsur tartamtu (Kridalaksana, 1982:159). Bab iki dilakoni supaya nuwuhake efek lucu tumrap sawijine konteks.

A: "Anda memang *ruar biasa* dalam mengerjakan tugas."

B: "O..makasih, Bapak adalah dosen luar biasa!"

A: "Ya maksudnya itu."

Tembung "ruar biasa" kang asline "luar biasa" ngalami *substitusi bunyi* meh padha nalika diucapake lan dirungokake. Proses owah kasebut nyangkutake huruf konsonan yaiku /r/ (ruar) dadi /l/ (luar)

Pamindahe Swara

Pamindahe swara utawa *Permutasi bunyi* yaiku kerep kadadean owah-owahan fonem tumrap wacana utawa tuturan, owahe deret unsur-unsur tumrap tembung kang asipat disengaja utawa ora disengaja.

A: "Pak lagi tanam *kedelai* ya?"

B: "Bukan kedelai!

Aku sedang mengubur keledaiku yang mati."

Tembung "kedelai" dadi "keledai" ngalami *permutasi bunyi* amarga anane kesilapan bunyi antarane kedelai lan keledai. Pethikan ing ndhuwur nuduhake anane proses permutasi bunyi lan ngasilake efek lucu utawa unsur humor tumrap pamaca.

Pan-seselan Swara

Penambahan utawa pengurangan safonem utawa luwih ing tengah, ngarep, utawa ing pungkasane tembung. Nalika proses penambahan fonem kasebut, ora kabeh tembung ngalami kalucon dideleng saka faktor bunyi nalika diucapake ana gandengane. Kaya ta arane panggon *Barito* dadi *Mbahrito*.

Panambahan Swara

Panambahan swara utawa *Penambahan bunyi* bisa disisipake ana ing mburi utawa ngarepe tembung. Bab iki uga bisa njalari anane *penambahan bunyi* ing tengah utawa pungkasane tembung.

Ada kuda lagi nekat

Ingin main petak umpat

Kalau telpon kring diangkat

Jemuran kering ya dilipat

Proses *penambahan bunyi /e/* ing tembung *kering* tuwuh makna anyar. Proses *penambahan bunyi* ing ndhuwur ngasilake efek kang njalari pamaca ngguyu. Anane kreasi pencipta humor nyelarasake *kring* dadi *kering*, yaiku yen telpon *kring* diangkat lan jemuran kering diangkat.

Kamiripan Swara

Kamiripan swara utawa *Kemiripan bunyi* nduwensi tujuwan medharake idhe-idhe lan kreatifitas kanthi cara ngowah-ngowahi unsur-unsur basa supaya nggayuh tujuwan kang dipengeni banjur ngasilake wacana kang kreatif.

Morfologi yaiku cabang linguistik saka satuan-satuwan dhasar basa minangka satuan gramatikal (Verhaar, 2010:97). Analisis morfemis sajrone basa humor akun instagram @dagelan_jowo digunakake kanggo mujudake tembung lumantar akronim lan singkatan.

Ketaksaan Penciptaan Humor

Ana saperangan ketaksaan kang nduwensi paedah minangka srana penciptaan kalucuan tumrap wacana humor akun @dagelan_jowo. Ketaksaan yaiku wujud sawijine tembung, frase, lan ukara ana saperangan antarane asipat *ambiguitas* marang wujud basa liyane (Chaeer, 2002:104). Ketaksaan tumrap basa nduwensi tataran lingual kang padha. Ketaksaan diperang dadi loro yaiku ketaksaan *leksikal* lan ketaksaan *gramatikal*.

Ketaksaan leksikal

Ketaksaan *leksikal* yaiku ketaksaan kang kedadean amarga anane sawijine wujude tembung kang nduwensi rong makna utawa luwih, makna kang beda tumrap satembung kasebut bisaana sesambungane bisa uga ora. Ketaksaan

leksikal kaperang dadi telu yaiku *polisemi*, *homonim*, lan *akronim* (kerata basa).

Polisemi

Polisemi yaiku minangka wujud tembung kang padha nanging nduwensi makna luwih saka siji (Wijana, 2004:143). Ing humor makna kang beda kuwi kerep luwih onjo nanging disalahgunakake, biyasane wujude plesetan.

a. *Toni jatuh* dari motor.

b. *Harga cengkeh jatuh pada tahun ini*.

c. *Nilainya jatuh* sehingga tidak bisa naik kelas.

Telung ukara ing ndhuwur nduwensi tembung kang padha, yaiku *jatuh* nanging maknane beda. Tembung *jatuh* ing ukara kaping pisan yaiku nduwensi makna tiba utawa *terlepas*. Kaping pindho nduwensi makna *merosot*, lan kaping telu yaiku gagal utawa ora kasil. Kabeh wujud tembung jatuh ing ndhuwur nduwensi bentuk lan uni kang padha nanging beda maknane.

Homonim

Homonim yaiku rong tembung utawa luwih kang nduwensi caturan kang padha nanging nduwensi makna kang beda utawa ora nduwe sesambungan karo liyane (Wijana, 2004:161). *Homonim* nduwensi rong istilah yaiku *homograf* lan *homofon*. *Homograf* yaiku wujud tembung kang padha nanging makna lan pangucapane beda. *Bulan1* lan *bulan2* nduwensi makna lan pangucapane kang beda. *Bulan* kaping pisan yaiku jeneng wulan sajrone kalender banjur *bulan* kaping pindho yaiku jeneng salah sawijine satelit. *Homofon* nduwensi wujud lan makna kang beda nanging pangucapane padha. Tuladhane yaiku *djarum* lan *jarum*, *djarum* yaiku merek rokok yen *jarum* alat kedokteran. Saka cara pangucapane padha nanging makna lan bentuk tembung beda.

Akronim (Kerata Basa)

Akronim yaiku dhapuring basa asil saka singkatan kanthi cara njupuk wancahan wandane. Kerata basa saemper karo akronim yaiku tegese tembung sing diothak-athik supaya gathuk lan mujudkae cekakan saka rong tembung utawa luwih. Tuladhane:

- a. Tuwa (*ngenteni metune nyawa*)
- b. Garwa (*sigaraning nyawa*)

Ketaksaan gramatikal

Ketaksaan *gramatikal* kang kedadean saka gabungan loro utawa saperangan leksem. Ketaksaan *gramatikal* kaperang dadi sepuluh:

Frase amfibologi

Frase amfibologi yaiku klompok tembung kang ketaksaane dijalari dening gabungan tembung-tembung kang mbentuk tembung kasebut (Wijana, 2003:181). Kaya ta tembung *apel malang, cicak lan baya, goyang karawang* lan sapiture. Penciptaan tembung kasebut pemanfaatan saka frase amfibologi. Ndadekake frase amfibologi iki kalebu kategori humor yen ora dicakake kanthi bener.

Idiom

Idiom yaiku wujud kebahasaan saka gabungan tembung kang nuwuhake teges anyar, sacara semantik asipat kawates. Tuladhane *cuci mata*, tembung *cuci* nduweni teges ngresiki samubarang, dene *mata* nduweni teges indra kanggo ndeleng. Tumrap idiom pembentukan frase kasebut bakal owah maknane dadi seneng-seneng kanggo ndeleng samubarang kang endhah.

Paribasan

Paribasan yaiku pratelan kang asipat pamrayoga utawa wanti-wanti lan dadi kasunyatan ing masyarakat, paribasan nduweni makna *figurative* kang asipat *konvensional*.

*Besar pasak daripada tiang
Besar orangnya besar pula utangnya*

Paribasan *besar pasak daripada tiang* nduweni teges *besar pengeluaran daripada penghasilan*. Makna kasebut ngalami penyimpangan nalika ana ing konteks humor nduweni makna *besar orangnya besar pula utangnya* kang nduweni tujuwan kanggo nuwuhake efek kalucuan.

Metonimi

Metonimi yaiku majas kang arupa pratelan utawa andharan kang nggunakake arane samubarang liyane kang dadi merek. Metonimi luwih cundhuk marang logika. Kanggo luwih cethane ana tuladha ing ngisor iki:

*Semua anaknya sekarang sudah menjadi orang
Tidak satupun anaknya menjadi orang.*

Tembung *orang* utawa pawongan ing tuladha kapisan lan tuladha kaping pindho ora nuduhake substitusi tumrap pawongan, nanging karo *frasa* pawongan kang nduweni pangkat utawa wong kang wigati, lsp. Menawa tembung pawongan diganti dadi manungsa bakal kurang trep.

Singkatan

Singkatan yaiku wujud kang dicekakake lan diperang dadi sa-aksara utawa luwihi. Singkatan ing kene yaiku wujud cekakan arupa gabungan-gabungan aksara kang ora bisa diwaca kaya tembung. Tuladhane kaya ta PMI (Palang Merah Indonesia), KTP (Kartu Tanda Penduduk), ATM (Anjungan Tunai Mandiri), lsp.

Dwilingga

Dwilingga kalebu jinise tembung rangkep kang ngambali wujud dhasar utawa perangane wujud dhasar kasebut. Dwilingga dhewe nduweni teges tembung lingga kang dirangkep. Parangkepe tembung lingga ana sing karangkep wutuh lan ana karangkep mawa owah-owahan swara. Tuladhane tembung lingga sing karangkep wutuh yaiku (1) guru-guru; (2) bapak-bapak; (3) omah-omah; (4) bocah-bocah; lsp. Dene tuladhane tembung lingga sing karangkep mawa owah-owahan swara yaiku (1) mloka-mlaku; (2) mrane-mrene; (3) wira-wiri; (4) nongas-nangis.

Jeneng

Jeneng yaiku tembung kanggo nyebut utawa nyeluk uwong, bisa papan panggonan, samubarang lan kewan. Tuladhane ana ing ngisor iki:

A: "Dulu saya tinggal di Mangga Besar, sekarang tinggal di Mangga Dua."

B: "Oo...yang besar itu sudah beranak."

Kawawas saka wacana ing ndhuwur jeneng kang dienggo banjur disambungake karo tembung kang maknane biyasa marang asosiasi kang asipat *metaforis*. Gedhe disambungake marang wanita mbobot (weteng gedhe).

Pantun (Parikan)

Pantun utawa parikan yaiku unen-unen kang dumadi saka rong ukara utawa luwih. Ukara kapisan kanggo narik kawigaten lan ukara kapindho yaiku isi, biyasane nganggo purwakanthi guru swara. Tuladhane ana ing ngisor iki:

*Ngasah arit nganti landhep
Dadi murid kudu sregep*

Isi saka parikan ing ndhuwur yaiku kanggo sapa wae minangka bocah kang isih sekolah (murid) kudu sregep sinau supaya ora kendho. Gatra kaping pisan fungsine kanggo narik kawigaten kang ora ana sesambungane karo isi.

Cangkriman

Cangkriman yaiku ukara utawa unen-unen kang kudu dibatang utawa dibedhek maksute. Cangkriman sengaja diandharake kanthi cara ora cetha supaya kang mbedhek mikir kanthi tumemen apa wangsanan kang dikarepake. Biyasane dienggo ana ing sawijining dolanan kanggo ngasah pikir, luwih cethane ana ing tuladha ing ngisor iki.

*Yen ibune siji anake loro, yen anake siji ibune loro,
yen ibune telu ora duwe anak.*

Kawawas saka wacana ing ndhuwur wangsanan saka cangkriman ing ndhuwur yaiku salak. Amarga biyasane salak isine ora padha, kadhang ibune siji anake loro, anake siji ibune loro, lan ibune telu ora duwe anak.

Antonim (Kosok balen)

Antonim utawa kosok balen yaiku tembung, frase utawa ukara kang nduwe teges walikan karo tembung, frase, utawa marang ukara liyane. Tuladhane kayata adoh >< cedhak, dhuwur >< cendhek, gundhul >< gondrong, takon >< mangsuli, sedhela >< suwe, wedi >< wani, lsp.

Pragmatik

Konsep lan teori pragmatik isih akeh perangane. Leech (1993:83), ngandharake yen pragmatik yaiku studi ngenani makna tumrap sesambungane marang kahanan-kahanan bab cecaturan. Cecaturan kasebut yaiku panutur lan mitra tutur, konteks tuturan, tujuan tuturan, tuturan minangka wujud tumindhak, lan tuturan minangka prodhuk tumindhak *verbal*. Sabanjure pragmatik yaiku cabang linguistik kang nyinaoni proses komunikasi kanthi fokus tumrap kepriye makna utawa pesan komunikasi diandharake dening panutur lan mitra tutur.

Pragmatik yaiku syarat-syarat kang njalari trep orane panganggone basa sajrone komunikasi, pragmatik uga nduweni teges aspek-aspek panganggone basa utawa konteks kajaba basa kang menehi sesambungan tumrap makna caturan. Pragmatik yaiku ilmu kang nyinaoni tindak tutur manungsa. Tintingan pragmatik luwih nengenake tintingan basa kanthi makna kang kaiket dening konteks. Pragmatik yaiku telaah umum kang ngrembag ngenani kepriye konteks bisa ngaribawani cara kita medharake tetembungan (Tarigan, 1990:34)

Studi pragmatik akeh-akehe gegayutan marang analisis ngenani apa sing dimaksud panutur kanthi cara melokake konteks utawa kahanan tutur. Sajrone pragmatik yaiku supaya komunikasi mlaku kanthi relevan, cetha, lan gampang dingerten, ana bab-bab sing kudu dingerten atarane panutur lan lawane yaiku prinsip kerjasama lan prinsip kesopanan. Prinsip kerjasama kaperang dadi patang maksim ing antarane, maksim kuantitas, maksim kualitas, maksim relevansi, lan maksim pelaksanaan. Prinsip kesopanan ana nem maksim, yaiku maksim kawicaksanan, maksim kemurahan, maksim penerimaan, maksim kerendahan hati, maksim kecocukan lan maksim kesimpatan. Paedah aspek pragmatis kedadeyan saka penyimpangan maksim-maksim sajrone prinsip kerjasama lan prinsip kesopanan. Anane penyimpangan kasebut dilakokake kanthi sengaja kango nuwuuhake efek humor.

Humor sajrone Pragmatik

Pragmatik tumrap panliten akun instagram @dagelan_jowo diperlokake kanggo njlentrehake unsur kang kinandut sajroning tulisan. Tarigan (1990:33), ngandharake pragmatik yaiku telaah ngenani sesambungan antarane basa karo konteks kang *tergramatisasikan* utawa *disandikan* tumrap struktur sawijining basa. Miturut Leech (1993:8) pragmatik yaiku studi ngenani makna tumrap sesambungane karo kahanan-kahanan caturan. Mula saka kuwi bisa dijupuk dudutan yen pragmatik yaiku kajian wacana lan tindak tutur liwat basa lan konteks.

Wacana Humor

Wacana yaiku tataran basa kang luwih amba saka ukara, kong nduweni gegayutan antarane ukara siji marang ukara liyane lan mujudkake informasi. (Djajasudarma, 2012:48) Pragmatik nduweni gegayutan marang wacana lumantar basa lan konteks. Wacana nduweni gegayutan marang gramatikal, semantik, lan leksikal. Kanggo ngandharake humor minangka wacana, bisa dideleng batasan titikan-titikan wacana humor, yaiku: 1) awujud tulisan utawa lisan kang wis ditranskrip sajrone wujud tulisan, 2) asipat *aktual* marang kadadeyan sajrone masyarakat ing wayah tartamtu, 3) asipat spontan lan polos, lan 4) nduweni fungsi sajrone kahuripan.

Penyimpangan Prinsip Kerjasama

Penyimpangan prinsip *kerjasama* yaiku cara pacaturan paraga tindak tutur ngupaya ngalami kahanan kong ora cocog sajrone interaksi. Ing penyimpangan prinsip *kerjasama* ngemu papat penyimpangan maksim yaiku:

Penyimpangan maksim *kuantitas*

Penyimpangan maksim *kuantitas* yaiku penyimpangan kang dilakokake paraga pacaturan dideleng saka akeh lan orane tuturan kang dibutuhake mitra tuture. Tuladhane ana ing ngisor iki:

A: "Apa pesawat terbang ini masih bisa digunakan untuk terbang."

B: "Masih! Tapi nggak bisa turun dengan maksimal."

Kontribusi paraga tumrap wacana ing ndhuwur asipat kakehan utawa mbingungake mitra tuture. Diarani mbingungake amarga pesawat kang ora bisa *mendarat/mudhun* kanthi sampurna ora ana bedane karo pesawat kasebut sejatiné ora kena dienggo maneh. Panganggo tembung "*masih!*" nanging ora ana lanjutan ukara kong nduweni inti ora kena dienggo maneh pesawate, njalari tetembungan ing ndhuwur ngalami penyimpangan maksim *kuantitas*.

Penyimpangan maksim *kualitas*

Penyimpangan maksim *kualitas* penyimpangan kang dilakokake panutur bisa dideleng saka cara ngandharake bab kong cocog karo satenane. Tuladhane ana ing ngisor iki:

A: "Kamu tahu Eko kuliah dimana?"

B: "Dia tidak kuliah di UNJ seperti kita, tapi di ITB."

Pacaturan ing ndhuwur nuduhake anane penyimpangan maksim *kualitas*, amarga paraga B cara mangsuli ora cocog karo kekarepane paraga A.

Penyimpangan maksim *relevansi*

Penyimpangan maksim *relevansi* penyimpangan kang dilakokake panutur utawa mitra tutur supaya relevan nalika komunikasi kanggo ngandharake maksud lan idhe-idhene. Mula komunikasi topik kong lagi dirembag ora nyambung lan ora nduweni sesambungan. Tuladhane ana ing ngisor iki:

A: "Akulah manusia enam juta dolar."

B: "Wah-wah, kalau begitu kenalpotnya aja harga berapa?"

Pacaturan ing ndhuwur ngalami penyimpangan maksim *relevansi* amarga ora ana sesambungane, nalika paraga A ngandharake menawa dheweke manungsa nem yuta dolar, paraga B malah nakoni rega knalpot. Samesthine paraga B nakokake ngenani kepriye olehe nem yuta dholar, upaya apa sing dilakokake supaya ora ngalami penyimpangan maksim *relevansi*. Nanging kalucone humor manggon ing penyimpangan maksim-maksim.

Penyimpangan maksim pelaksanaan

Penyimpangan maksim *pelaksanaan* paraga pacaturan kanthi cara ora langsung lan nduwensi teges ambigu. Tuladhane ana ing ngisor iki:

A: "Manusia matanya Cuma dua, lalu apa yang matanya banyak?"

B: "Angin, delapan penjuru mata angin."

Wacana ing ndhuwur nuduhake anane penyimpangan maksim *pelaksanaan*, yaiku ana tembung "*mripat*" ngalami *polisemi*. Paraga A ngandharake *mripat* yaiku arane panca indra, dene paraga B ngrembag *mripat* minangka punjer utawa penjuru, kang tegese arah tekane angin.

Penyimpangan Prinsip Kesopanan

Penyimpangan prinsip *kesopanan* yaiku cara-cara paraga tindak turut interaksi tumrap upaya ora ngregani lan ngurmati mitra tuture. Penyimpangan prinsip *kesopanan* ana nem maksim yaiku:

Penyimpangan maksim kebijaksanaan

Penyimpangan maksim *kebijaksanaan* yaiku ora isin nalika ngandharake tuturan kang ngrugekake wong liya. Tuladhane ana ing ngisor iki:

A: "Dokter saya mau periksa mata."

B: "Boleh, tapi sebelum periksa mata, kantongnya saya periksa dulu ya."

Ana ing pacaturan kasebut dokter ora nduwensi isin nalika nakokane dhuwit kang digawa pasiene. Dokter luwih nengenake upah kanggo dheweke tinimbang kabutuhan lan kasarasan pasien, saka andharan ing ndhuwur mujudake anane penyimpangan maksim *kebijaksanaan*.

Penyimpangan maksim kemurahan

Penyimpangan maksim *kemurahan* yaiku ngupaya ndhisikake kauntungan lan nytingkirake kerugian tumrap awake dhewe. Tuladhane ana ing ngisor iki:

A: "Bu, besok jadi rapat disekolah pagi-pagi sekali. Perlu saya banguin jam 5?"

B: "Nggak usah Mel, saya bisa bangun jam 5."

A: "Nah! Kalau begitu tolong bangunin saya ya Bu!"

Penyimpangan maksim *kemurahan* ana ing pungkasning pacaturan nalika paraga A

manfaatake wangulan majikane. Pratelan ing ndhuwur ngalami penyimpangan maksim *kemurahan* amarga paraga A ndhisikake kauntungan marang awake dhewe tinimbang kauntungan bos-e utawa paraga B.

Penyimpangan maksim penerimaan

Penyimpangan maksim *penerimaan* yaiku ngluwihake sipay ora kurmat marang wong liya. Tuladhane ana ing ngisor iki:

A: "Aku sudah pernah keliling dunia."

B: "Huh....modelmu aja. Paling juga pusing tujuh keliling itu yang sering kamu lakukan."

Pacaturan ing ndhuwur nuduhake anane penyimpangan maksim *penerimaan* amarga anane tetembungan kang ora kurmat marang wong liya, paraga B ora percaya yen paraga A kuwi wis kerep *keliling dunia*.

Penyimpangan maksim kerendahan hati

Penyimpangan maksim *kerendahan hati* yaiku ngluwihake kemampuan kang dinduwensi awake dhewe utawa ngrasa dheweke kang paling onjo tinimbang liyane. Tuladhane ana ing ngisor iki:

A: "Dul, kamu bisa betulin rantai sepeda?"

B: "Jangankan rantai sepeda, rantai tank pun aku bisa."

Pacaturan ing ndhuwur ngandharake paraga B nduwensi sipay kang sompong, dheweke ngrasa paling bisa. Ora mung rante sepedha kang bisa dibenakake, cara ngandharake dhuwur banget amarga sepedha dibandingake karo tank. Nuduhake kanthi cara nyombongake kabisan kang diduwensi.

Penyimpangan maksim kecocokan

Penyimpangan maksim *kecocokan* yaiku ora cocog'e mitra tutur, ditujokake kanggo ngandharake panemu kanthi cara *ekspresif*, ngluwihake panemu kang ora sarujuk lan nyithikake panemu kang ora sarujuk marang wong liya. Tuladhane ana ing ngisor iki:

A: "Semua pria pernah melirik-lirik wanita selain istrinya."

B: "Tidak!!! Ardi tidak pernah melirik wanita lain."

Penyimpangan kang dilakokake dening paraga B yaiku ngarani yen Ardi dadi salah

sawijine priya kang dimaksud paraga A, paraga B ora sarujuk lan nolak pratelan saka mitra tuture.

Penyimpangan maksim *kesimpatian*

Penyimpangan maksim *kesimpatian* yaiku nyithikake surasa simpati marang wong liya lan ngluwih antipati marang wong liya. Tuladhane ana ing ngisor iki:

A: "Anda sukses! Anak anda lahir kembar tiga, yang dua meninggal."

Kawallas saka wacana kasebut nuduhake anane penyimpangan maksim *kesimpatian*, dideleng saka konteks wacana kang nyithikake surasa simpati marang wong liya. Wacana kasebut ngandharake ana wong kang lagi kelangan, ndilalah diwenehi ucapan "Anda sukses!" minangka wong kasebut ora nduweni rasa simpati marang wong liya kang lagi kena musibah.

Akun Instagram @dagelan_jowo

Salah sijine akun instagram sing intensif nyuguhake photo utawa vidio kanthi nuansa humor yaiku akun @dagelan_jowo. Instagram yaiku "insta" asale saka tembung "instan", "gram" asale saka tembung "telegram" sing cara kerjane kanggo ngirim informasi marang wong liya kanthi cara cepet. Saengga informasi utawa pawarta kang pengin disampeka bisa ditrima masyarakat kanthi cara cepet. Instagram minangka aplikasi kanggo upload mbagekake photo lan video.

Akun instagram @dagelan_jowo aktif wiwit taun 2014, unggahan kapung pisan yaiku 19 Oktober 2014, kurang luwih akun kasebut aktif ana sosial media instagram ana 3 taunan. *Followers/pengikut* akun @dagelan_jowo jumlahé akeh banget, yaiku ana telungatus ewu luwih *followers*. Saben dina sing nduwe akun @dagelan_jowo upload gambar lucu nganggo basa Jawa, nanging uga ana sebagéyan sing nganggo basa campuran yaiku basa Jawa lan basa Indhonesia. Postingan gambar kang ana sajrone akun @dagelan_jowo saiki jumlahé nganthi telung ewuan luwih, nanging kuwi ora murni gambar utawa vidio lucu wae, sajrone akun kasebut uga diselingi iklan-iklan produk uga pawarta kang lagi rame ana ing masyarakat. Ancase sing nduwe akun @dagelan_jowo nggawe akun kasebut yaiku

saliyane kanggo ngandharake kritikan utawa pawarta, uga minangka medhia kreatifitas kanggo narik kawigatene pamaca/*followers*, lan kanggo nggawe ngguyu para pamaca/*followers* saka postingan-postingan lucu sing diunggah ing akun instagram @dagelan_jowo.

Lelandhesan Teori

Sajrone panlitén iki ditulis ngenani pirang-pirang teori ing njerone. Teori-teori kang cocog karo underane panlitén bakal digunakake kanggo dhasar nganalisis dhata ing panlitén iki. Kanggo nganalisis basa humor akun instagram @dagelan_jowo yaiku:

Teori Humor sing digunakake ing panlitén iki yaiku teori humor linguistik. Ana saperangan teori linguistik sing digunakake kanggo ngonceki basa humor akun instagram @dagelan_jowo, yaiku teori fonologis, morfologis, lan pragmatis, yen teori pragmatik humor paedaha ana ing penyimpangan prinsip-prinsip tindak tutur. Aspek fonologis sajrone humor bisa ditintangi kanthi teknik *subtitusi bunyi, permutasi bunyi, penyisipan bunyi, penambahan bunyi, lan kemiripan bunyi*.

Teori Leech (1993:8) ngenani makna tumrap sesambungane karo kahanan-kahanan caturan, kajian wacana lan tindak tutur liwat basa lan konteks. Kaperang dadi rong penyimpangan maksim, penyimpangan maksim kerjasama lan penyimpangan prinsip kesopanan. Panlitén iki ngandhut penyimpangan prinsip kesopanan, ana nem maksim yaiku penyimpangan maksim kawicaksanan, penyimpangan maksim *kemurahan*, penyimpangan maksim *penerimaan*, penyimpangan maksim *kerendahan hati*, penyimpangan maksim *kecocokan* lan penyimpangan maksim *kesimpatian*.

PANUTUP

Dudutan

Adhedhasar asile panlitén bab basa humor sajrone akun instagram @dagelan_jowo sing wis dirembag ing bab IV, bisa dijupuk dudutan kang diandharake ana ing ngisor iki.

1. Humor sajrone akun instagram @dagelan_jowo diperang dadi rong wujud, yaiku wujud humor bergambar/tanpa teks

- kaping pindho humor berbasis teks/tanpa gambar.
2. Konteks wacana humor sajrone akun instagram @dagelan_jowo memanfaatkan topik kang lagi rame ing masyarakat (fenomena sosial) minangka panyengkuyung nilai humor kasebut.
 3. Ringkes lan padhet, wujud humor akun instagram @dagelan_jowo ringkes lan padhet bab iki disebabake medhia humor kang *terbatas*, yaiku sajrone format gambar/photo kanthi resolusi tartamtu nanging senajan ringkes ora ngurangi *esensi* humor kasebut.
 4. *Kreatif*, saperangan humor sajrone akun instagram @dagelan_jowo sengaja nyiptakake tembung-tembung anyar kanggo nuwuhake efek humor. Tembung-tembung anyar tuwuh amarga anane kamiripan swara utawa *kemiripan bunyi* lan ana sesambungan marang tembung kang dimaksud.
 5. Aspek basa kang dicakake minangka unsur pambangun humor sajrone basa humor akun instagram @dagelan_jowo kaperang dadi telu yaiku: aspek fonologis, aspek morfologis, lan aspek semantis. Aspek fonologis dioncekke maneh lan ngasilake limang perangan, yaiku (1) *substitusi bunyi*, (2) *permutasi bunyi*, (3) *penambahan bunyi*, (4) *kemiripan bunyi*, lan (5) parikan. Aspek morfologis ngasilake papat, yaiku (1) *ortografi*, (2) akronim/kerata basa, (3) singkatan, lan (4) jeneng. Ing pungkasan yaiku aspek semantis ngasilake loro, yaiku (1) paribasan, lan (2) *metonimi*. Panliten saka basa humor akun instagram @dagelan_jowo total ana telu aspek basa kang dicakake kanggo ngasilake basa humor.
 6. Penyimpangan prinsip kesopanan kang dicakake minangka sarana penciptaan humor sajrone basa humor akun instagram @dagelan_jowo ngasilake nem perangan, yaiku (1) penyimpangan maksim *kebijaksanaan*, (2) penyimpangan maksim *kemurahan*, (3) penyimpangan maksim *penerimaan*, (4) penyimpangan maksim *kerendahan hati*, (5) penyimpangan maksim *kecocokan*, lan (6) penyimpangan maksim *kesimpatian*. Sajrone bab iki sing kerep dicakake nalika ngasilake basa humor yaiku penyimpangan maksim *kebijaksanaan* lan penyimpangan maksim *kesimpatian*.
 7. Fungsi basa humor sajrone akun instagram @dagelan_jowo kang dicakake supaya nduwени dhapuk dhewe-dhewe ngasilake nem perangan, yaiku (1) fungsi *komunikatif*, (2) fungsi *hiburan*, (3) fungsi *kritik sosial*, (4) fungsi *kreatif*, (5) fungsi *eufimisme*, lan (6) fungsi *estetis*. Sajrone basa humor akun instagram @dagelan_jowo kang nduwени saperangan fungsi kang kerep dicakake yaiku fungsi kritik sosial kang luwih onjo bab protes marang oknum pejabat lan masyarakat supaya tuwuh basa humor sajrone akun instagram @dagelan_jowo.
- ### Pamrayoga
- Saka panliten kang wis ditindakake bab basa humor iki, mula panliten ngewenehi pamrayoga ngenani saperangan bab ing ngisor iki.
1. Basa humor sajrone akun instagram @dagelan_jowo minangka salah sawijine pirantri kanggo ngandharake panemu utawa sawijine kritikan. Mula basa humor sajrone akun instagram @dagelan_jowo bisa dicakake minangka sarana humor uga sarana ngandharake kritik marang wong liya.
 2. Basa humor minangka salah sawijine fenomena kabasan kang akeh banget disenengi dening masyarakat. Mula panliti menehi pamrayoga supaya dianakake materi kuliyah ngenani analisi basa humor kanthi tintingan liyane.
 3. Ana saperangan bab kang isih bisa dtliti luwih adoh minangka pangrembaka saka panliten iki, kayata jinis-jinis wacana, tindak turur, topik-topik humor kang diangkat kanthi cara *detail* lan saperangan bab liyane.
- ### KAPUSTAKAN
- Arikunto. 2006. *Prosedur Penelitian suatu Pendekatan Praktek*. Jakarta: PT. Rineka Cipta.
- Basir, Udjang Pr. M. 2010. *Sosiolinguistik pengantar Tintingan tindak Berbahasa (konsep,teori, model pendekatan, dan fakta berbahasa)*, Surabaya: Press UNESA.
- Chaer, Abdul. 2002. *Pengantar Semantik Bahasa Indonesia*. Jakarta: Rineka Cipta

- Chaer, Abdul. 2007. *Linguistik Umum*. Jakarta: Rineka Cipta
- Djajasudarma, Fatimah. 1993. *Metode Linguistik Ancangan Metode Penelitian dan Kajian*. Bandung: PT. Eresco.
- Djajasudarma, Fatimah. 2012. *Wacana dan Pragmatik*. Bandung: Rafika Aditama.
- Kartomiharjo, S. 1987. *Bahasa Cermin Kehidupan Masyarakat*. Jakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.
- Keraf, Gorys. 2004. *Diksi dan Gaya Bahasa*. Jakarta: PT. Gramedia Pustaka Utama
- Kridalaksana, Harimurti. 1982. *Fungsi Bahasa dan Sikap Bahasa: Struktur*
- Leech, Geoffrey. 1993. *Prinsip-prinsip Pragmatik*. (Terj) M. D. D Oka. Jakarta: Universitas Indonesia.
- Mahsun. 2005. *Metode Penelitian Bahasa*. Jakarta: PT. Raja Grafindo Persada.
- Mulyana. 2005. *Kajian Wacana: Teori Metode dan Aplikasi Prinsip-Prinsip Analisis Wacana*. Yogyakarta: Tiara Wacana.
- Rahardi, Kunjana. 2001. *Sosiolinguistik; Kode dan Alih Kode*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar Offset.
- Rahardi, Kunjana. 2005. *Pragmatik Kesatuan Imperatif Bahasa Indonesia*. Jakarta: Erlangga.
- Sudaryanto. 1993. *Metode dan Aneka Teknik Analisis Bahasa (Pengantar Penelitian Wahana Kebudayaan secara Linguistik)*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press.
- Tarigan, Henry Guntur. 1990. *Pengajaran Pragmatik*. Bandung: Angkasa.
- Verhaar, J.W.M. 2010. *Pengantar Linguistik*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press.
- Wijana, I Dewa Putu. 1983. *Bahasa Indonesia sebagai Bahasa Kartun*. Yogyakarta: Andi Offset.
- Wijana, I Dewa Putu. 1996. *Dasar-dasar Pragmatik*. Yogyakarta: Andi Offset.
- Wijana, I Dewa Putu. 2004. *Kartun: Study tentang Permainan Bahasa*. Yogyakarta: Ombak.